

Vajinoz Bakteryen – Fèy Enfòmasyon CDC



Nenpòt fanm kapab gen vajinoz bakteryen. Si ou gen vajinoz bakteryen sa kapab ogmante chans ou pou gen yon maladi moun pran nan fè bagay (MST).

Kisa vajinoz bakteryen ye?

[Vajinoz bakteryen \(VB\)](#) se yon pwoblèm sante ki rive lè gen yon seri bakteri ki twòp nan vajen an. Sa chanje ekilib nòmal bakteri yo nan vajen an.

Jis nan ki pwen vajinoz bakteryen kouran?

Vajinoz bakteryen se enfeksyon vajen ki pi kouran lakay fanm ki gen ant 15-44 lane.

Kijan vajinoz bakteryen simaye?

Moun kap fè rechèch pa konnen sa ki lakòz VB oswa kijan kèk fanm pran li. Nou konnen enfeksyon rive nòmalman lakay fanm ki gen aktivite sèks. VB makònen avèk yon dezekilib "bon" ak "move" bakteri yo jwenn nòmalman nan vajen yon fanm. Lè yon fi gen yon nouvo patnè oswa plizyè patnè lap fè sèks, epi tou fè douch nan vajen, sa defèt ekilib bakteri yo nan vajen an. Sa mete yon fanm nan kondisyon pou l pran VB.

Men, nou pa konnen kijan sèks lakòz fanm lan trape VB an. Pa gen okenn rechèch ki montre lè yo trete yon patnè sèks, sa afekte si wi ou non yon fanm trape VB. Lè w gen VB, sa ogmante chans ou pou trape lòt MST.

Li ra pou VB afekte fanm ki pa t janm fè bagay.

Ou pa kapab trape VB nan bòl twalèt, nan dra pou kabann oswa nan pisin.

Kijan mwen kapab evite pran vajinoz bakteryen?

Doktè ak syantifik pa fin konprann nèt kijan VB simaye. Yo pa konnen pi bon fason pou fè prevansyon li.

Etap prevansyon debaz ki endike anba la yo ka ede bese risk pou gen VB:

- Pa fè bagay;
- Limite kantite patnè seksyèl ou yo; epi
- Pa pran douch nan vajen.

Mwen ansent. Kijan vajinoz bakteryen ka afekte tibebe mwen an?

Fanm ansent yo kapab pran VB. Fanm ansent ki gen VB gen plis chans pou gen tibebe ki fèt anvan lè (bonè) oswa ki tou piti lè yo fèt pase fanm ki pa gen VB pandan yo ansent. Pwa fèb pandan nesans vle di ou fè yon tibebe ki peze mwens pase 5.5 liv lè li fèt.

Trètman enpòtan sitou pou [fanm ansent](#).

Kijan mwen ka konnen si mwen gen vajinoz bakteryen?

Anpil fanm ki gen VB pa gen sentòm. Men, si ou gen sentòm, ou ka remake:

- Yon pèt mens blanch oswa gri k sot nan vajan an;
- Doulè, gratèl oswa boule nan vajan an;
- Yon odè ki fò tankou pwason, sitou apre ou fin fè bagay;
- Boule lè w ap pise;
- Gratèl toutotou vajan an.

Kijan doktè mwen ap fè konnen si mwen gen vajinoz bakteryen?

Yon pwofesyonèl swen sante ap egzamine vajan w pou wè si l jwenn pèt. Pwofesyonèl swen sante ou la ka fè tès laboratwa ak yon echantiyon likid nan vajan w pou wè si l gen VB.

Èske vajinoz bakteryen kapab trete?

Pafwa VB ale poukont li san trètman. Men si ou gen sentòm VB ou ta dwe fè tchèk epitou jwenn trètman. Li enpòtan pou ou pran tout medikaman doktè preskri ou, menm si sentòm ou yo ale. Yon pwofesyonèl swen sante kapab trete VB avèk antibyotik, men VB ka retounen menm apre trètman. Trètman ka bese risk pou trape sèten MST tou.

Anjeneral, gason ki se patnè seksyèl fanm yo jwenn ki gen VB pa bezwen trete. Men, VB ka transmèt ant patnè seksyèl fanm ak fanm.

Kisa k ap pase si mwen pa trete?

VB kapab lakòz sèten menas grav pou sante, tankou:

- Ogmantasyon chans pou gen [VIH](#) si ou fè bagay avèk yon moun ki enfekte avèk VIH;
- Si rezilta tès VIH ou pozitif, sa ap ogmante chans pou transmèt VIH ba patnè seksyèl ou;
- Si ou gen VB pandan ou ansent sa ap fè li pi fasil pou ou akouche tibebe ou twò bonè;
- Ogmantasyon chans pou gen lòt MST tankou [klamidya](#) ak [gonore](#). Sèten fwa bakteri sa yo kapab lakòz [maladi anflamasyon pèlvyen \(MEP\)](#), ki kapab fè li difisil oswa enposib pou fè pitit.

Ki kote mwen kapab jwenn plis enfòmasyon?

Divizyon pou Prevansyon MST (DSTDP)
Sant pou Kontwol Maladi ak Prevansyon
www.cdc.gov/std

CDC-INFO Contact Center
1-800-CDC-INFO
(1-800-232-4636)
[Contact CDC-INFO](#)

[CDC National Prevention Information Network \(NPIN\)](#)
P.O. Box 6003
Rockville, MD 20849-6003
E-mail: npin-info@cdc.gov

[Asosyasyon Ameriken pou Sante Seksyèl \(American Sexual Health Association, ASHA\)](#)
P.O. Box 13827
Research Triangle Park, NC
27709-3827
919-361-8488